# Қараөзекте ҳәким жәрдемшисиниң усынысы менен 21 пуқара жумыс пенен бәнт болды

Image not found or type unknown

Қараөзек районы аймағында бүгинги күнде, 13 өзин-өзи басқарыў уйымлары бар болып, онда 13 мәҳәллеге тайынланған ҳәким жәрдемшилери тәрепинен халықтың машқалаларын үйрениў жумыслары алып барылды.

Image not found or type unknown

Усы тийкарда аўыл жасларының бәнтлигин тәмийинлеў оларға турақлы жумыс орнын жаратыў мақсетинде, “Мәдeният” АПЖ дағы ҳәким жәрдемшисиниң усынысы менен 8 ҳаял-қызға тигиў машинасы, 7 жасқа мотоцикл, 1 пуқараға пал ҳәррешилик, 2 пуқараға ыссыхана, 3 пуқараға шараўашылық бойынша жеңиллетилген кредитлер алыўына жәрдем берилип, бүгинги күнде бул пуқаралар өз жөнелислери бойынша жумысларын баслады.

Image not found or type unknown

Усындай кредит алып жумыс баслаған жас исбилермен, Тохтамурат Жақсымуратов өз үйи қапталынан 1,5 сотых майданға ыссыхана қурып, оннан помидор, қыяр өнимлерин жетистирип, усы жылдың март айынан баслап халыққа арзан баҳада сатып шаңарағына дәрамат киргизип баслады.

Image not found or type unknown

Қараөзек районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети баслығы